# OQÍW BASQA TILLERDE ALÍP BARÍLATUǴÍN TOPARLARDA QARAQALPAQ TILIN OQÍTÍW METODLARÍ

**Orazımbetov Amirbek,**
*Filologiya ilimleriniń kandidatı, docent. Ájiniyaz atındaǵı NMPI*
e-mail: amirbekaga@gmail.com

**Sadıqova Raya,**
*Berdaq atındaǵı QMU Qaraqalpaq til bilimi kafedrası úlken oqıtıwshısı,*
e-mail: rsadikova1966@gmail.com

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903288

***Annotaciya.*** *Bul maqalada oqıw basqa tillerde alıp barılatuǵın toparlarda qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń zamanagóy usılları kórip shıǵıladı. Avtor kommunikaciyalıq usıldıń oyın texnologiyaları hám interaktiv usıllardıń hám IKTnıń til úyretiw procesindegi nátiyjeliligin talqılamaydı.*
***Tayanısh sózler:*** *Mámleketlik til, oqıtıw metodikası, basqa tilli toparlar, kommunikativ usıl, belsendi oqıtıw, IKT, til kompetenciyası, interaktiv usıl.*
***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются современные методы обучения каракалпакскому языку в группах, где обучение ведется на других языках. Автор не анализирует эффективность коммуникативного метода, игровых технологий, интерактивных методов и ИКТ в процессе обучения языку.*
***Ключевые слова****: Государственный язык, методика преподавания, иноязычные группы, коммуникативный метод, активное обучение, ИКТ, языковая компетенция, интерактивный метод.*
***Abstract.*** *This article examines modern methods of teaching the Karakalpak language in groups where instruction is conducted in other languages. The author does not analyze the effectiveness of the communicative method, game technologies, interactive methods, and ICT in the process of language learning.*
***Keywords:*** *State language, teaching methodology, foreign language groups, communicative method, active learning, ICT, language competence, interactive method.*

Mámleketlik tildi dárejesine say qollanıwdıń baslı shártleriniń biri – bilim beriw tarawında mámleketlik tildiń sapalı oqıtılıwın táminlew. Ol ushın onı izertlewdiń sisteması da jańa talaplarǵa say jetilistirilip otırılıwı zárúr. Sóytse de, qaraqalpaq tilin sapalı oqıtıwdıń zárúrligi ayqın bolǵanı menen, kóp jaǵdayda, oqıtıw metodikasınıń ilimiy-metodikalıq tiykarların izertlewde dástúriy sistemadan shıǵa almawshılıq seziledi.

2020-jıl 20-oktyabr kúni "Mámleketimizde ózbek tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw is-ilajları haqqında"ǵı №PF 6084-sanlı Pármanı járiyalandı [Mirziyoyev Sh. 2020]. Párman boyınsha 2021-2030-jıllarda ózbek tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw Koncepciyası islep shıǵıldı. Usı tiykarda 2021-jılı 16-iyul kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı 410-sanlı qararı qabıl etildi. Usı qarar tiykarında 2021-2030-jıllarda

qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw Koncepciyası islep shıǵıldı. Mámlekettik til degenimiz – eldiń barlıq aymaǵında hám túrli turmıs salalarında qollanılıwı hámmege minnetli bolıp tabılatuǵın, rásmiy jaǵdayı mámleketlik dárejede belgilengen, belgili bir mámlekettiń sociallıq – kommunikativlik sistemasınıń tiykarǵı komponenti.

Ózbekstanda alıp barılıp atırǵan reformalardan tiykarǵı maqset, elimizde salamat hám hár tárepleme rawajlanǵan, bilimli, joqarı ruwxıy ádep-ikramlıq pazıyletlerge iye bolǵan áwladtı qaliplestiriwden ibarat. Ózbekstanniń keleshegi, onıń ǵárezsizligi, birinshi gezekte, jaslar tárbiyasına, olardı salamat etip ósiriwge, milliy ideya, milliy ideologiya hám watanǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa baylanıslı bolıp, bul quramalı processti tabıslı ámelge asırıw ǵárezsiz mámlekettiń eń áhmiyetli wazıypalarınan biri bolıp tabıladı Sonıń ushın hám, Prezidentimiz Sh.M. Mirziyaevtıń “Jaslarımızdıń erkin pikirleytuǵın, joqarı intellektual hám ruwxıy dárejege iye bolıp, dúniya arenasında óz teńleslerine hesh qaysı tarawda bos kelmeytuǵın insanlar bolıp kamalǵa keliwi, baxıtlı bolıwı ushın mámleketimiz hám jámiyetimizdiń bar kúsh hám imkaniyatlarin iske salamız” [Sh. Mirziyoyev. 2016: 14] degeni biykarǵa aytılmaǵan. Sol sebepli búgingi kúnde jaslardıń tálim-tarbiyası ǵárezsiz Ózbekistannıń mámleketlik siyasatında tiyǵarǵı baǵdarlardıń biri bolıp tur.

Innovatsiya – inglisshe «innovacion» degen sózden alınǵan bolıp, Jańalıq kirgiziw, jańalıq degen mánisti bildiredi. İnnovatsiyalıq texnologiyalar pedagogikalıq processte oqıtıwshı hám oqıwshı xızmetine jańalıq, ózgeshelikler kirgiziw bolıp, onı ámelge asırıwda tiykarınan hárqıylı interaktiv metodlardan paydalanıladı [Allaniyazova Sh. 2015: 3].

Innovatsiya – jańalıqqa talpınıw – bul moda yamasa eliklew emes, qatal shınlıq – búgingi turmıs talabı. Mámleketlik tildi jan-jaqlı úyretiwde xabar texnologiyalardıń múmkinshiligin utımlı qollana biliw, sabaq ótiwdiń jańa metodların islep shıǵıw házirgi waqıtta eń tiykarǵı máselelerdiń biri. Úyretiletuǵın tillik materiallarǵa, ulıwma oqıw baǵdarlamasına ózgerisler enip, burınǵıǵa qaraǵanda quramalasıp, tildi úyretiwdiń ádis-usıllarınıń da jetilistirilip atırǵanı da belgili.

Házir metodika iliminde oqıtıwdıń jańa pedagogikalıq texnologiyası degen uǵım keńnen qollanılıwda. Oqıtıw texnologiyası menen metodika ilimi bir-biri menen tıǵız baylanısta. Ekewiniń de maqseti bir, yaǵnıy oqıtıwdıń tiyimli jolları.

Innovatsiya – degenimiz bilim, tárbiya jumısına jańalıq engiziw, yaǵnıy, jańa metodikalıq, ámel-usıllardı, qural-úskenelerdi, jańa koncepciyalardı jasap, olardı qollanıw dep anıqlanǵan.

Házirgi globallasıw dáwirinde qaraqalpaq tilin mámleketlik til sıpatında oqıtıw – elimizdiń bilimlendiriw sistemasındaǵı tiykarǵı baǵdarlardan biri. Ásirese, oqıw rus, ózbek yamasa qazaq tillerinde alıp barılatuǵın toparlarda qaraqalpaq tilin sapalı ózlestiriw ayrıqsha metodikalıq izleniwdi talap etedi. Bul processtegi tiykarǵı wazıypa studentlerge tek grammatikalıq teoriyanı beriw emes, al olardıń kúndelikli hám kásiplik ortalıqta erkin múnásibette bolıw kónlikpesin qáliplestiriw bolıp esaplanadı. Buǵan erisiw ushın búgingi kúnde bir neshe usıllardan ónimli paydalanılıp kemekte:

1. Kommunikativ oqıw usılı.

“Kommunikativlik kompetenciya” termini amerikalı lingvist N.Xomskiydiń lingvistikalıq kompetenciya tuwralı ideyasınıń tiykarında payda boldı. N.Xomskiy lingvistikalıq kompetenciyaǵa (sózdiń keń mánisinde) erte balalıq dáwirde qáliplesetuǵın jáne kóplegen basqa faktorlar menen óz ara qatnasta, minez-qulıq túrlerin anıqlaytuǵın intellektuallıq uqıplar sisteması, bilimler hám isenimler sisteması dep anıqlama bergen [N . Xomskiy.1972: 122].

Til úyretiwdegi eń nátiyjeli usıllardan biri - kommunikativ usıl. Onıń tiykarǵı principi "tildi úyreniw ushın - sóylew kerek" degen principke súyenedi. Dástúriy usıllardan parqı, bunda itibar forma (qagıyda) ga emes, mazmun (oydi jetkeriwge) ga qaratıladı.

Tillik intuiciya: Oqıwshı dáslep tayar sóylew úlgilerinen paydalanadı, sonnan keyin oniń grammatikalıq dúzilisin túsinedi.

Mashqala sheshiw: Sabaq dawamında "Dúkanda," "Sayaxatta," "Shipaker qabıllawında" sıyaqlı real jaǵdaylar modellestiriledi. Bul studentlerdiń til barerlerin jeńiwge járdem beredi.

2. Oyın texnologiyaları hám interaktiv usıllar.

Interaktiv usıllar tek ǵana student hám oqıtıwshı arasında emes, al studentlerdiń óz ara dialogın kúsheytedi hám jámáátlik oqıtıw mádeniyatın qáliplestiredi. Interaktiv oqıtıw usılları bilim alıwshını passiv tıńlawshıdan izleniwshi subyektke aylandıradı. Bul baǵdarda tómendegi usıllar oǵada nátiyjeli:

Kritikalıq pikirlew: "Klaster," "INSERT," "Venn diagramması" metodları arqalı studentler informaciyanı analizlew hám sistemalastırıwǵa úyrenedi.

Oyın texnologiyaları: Rolli oyınlar hám keys-stadilar til úyreniwdegi psixologiyalıq qorqınıshlardı saplastıradı. Studentler anıq mashqalalı jaǵdaylardan shıǵıw jolların qaraqalpaq tilinde izlew arqalı tilge beyimlesedi.

Toparlarda islew: "Jigsaw" yamasa "Miya hújimi" usılları oqıwshılar arasında óz ara járdemdi rawajlandırıp, birgelikte bilim alıwǵa sharayat jaratadı.

3. AKT hám sanlı resurslardan paydalanıw usılı.

Házirgi sanlı jámiyette til úyretiw procesin zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyalarısız kóz aldımızǵa keltiriw múmkin emes. Sanlastırıw dáwirinde málimleme-kommunikaciya texnologiyaları (IKT) til úyretiwdiń ajıralmas bólegi bolıp tabıladı.

Interaktiv platformalar: Kahoot!, Quizlet hám Wordwall quralları jańa sózlerdi yadlawdı qızıqlı oyınǵa aylandıradı.

Multimedia: qaraqalpaq tilindegi podkastlar hám YouTube kanallarınan paydalanıw arqalı studentlerdiń tıńlaw kónlikpesi artadı.

Jasalma intellekt: ChatGPT, Gemini, Alisa, Muxlisa sıyaqlı qurallardan paydalanıw tiykarǵı tendenciyasına aylanbaqta.

Til úyretiw - bul tek ǵana sóz yadlatıw emes, al sol millettiń mádeniyatın, ruwxıy dúnyasın hám qádiriyatların sińdiriw. Basqa tilli toparlarda kommunikativ usıldı jedel oqıtıw texnologiyaları hám sanlı resurslar menen birlestiriw unamlı nátiyje beredi. Bunday kompleksli qatnas studentlerdiń qaraqalpaq tiline bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıp, olardıń básekige shıdamlı shaxs bolıp qáliplesiwine jol ashadı.

Juwmalap aytqanda, til tek ǵana baylanıs quralı emes, ol milliy kod hám mádeniyattıń altın tiregi bolıp esaplanadı. Oqıw basqa tillerde alıp barılatuǵın toparlarda qaraqalpaq tilin oqıtıw ayrıqsha metodikalıq izleniwdi, dóretiwshilik kózqarastan qatnas jasawdı talap etetuǵın juwapkershilikli process.

Maqalada kórip shıǵılǵan kommunikativ usıl, oyın texnologiyaları hám interaktiv usıllar hám zamanagóy IKT quralları bir pútin sistema sıpatında isleskende ǵana joqarı nátiyje beredi. Bul usıllardıń tiykarǵı abzallıqların tómendegishe juwmaqlaw múmkin:

1. Til tosqınlıǵın saplastırıw: Oqıwshılar grammatikalıq qátelerden qorıqpay, óz pikirlerin erkin jetkeriwge ádetlenedi.

2. Motivaciyanıń artıwı: Oyın elementleri hám sanlı resurslar til úyreniwdi "májbúriy wazıypa"dan "qızıqlı processke" aylandıradı.

3. Nátiyjege baǵdarlanǵan bilim: Studentler tek teoriyanı bilip qoymastan, onı turmıslıq jaǵdaylarda qollay alatuǵın dárejege jetedi.

Til úyretiwdegi eń úlken jetiskenlik - oqıwshınıń qaraqalpaq tilinde sóylewge bolǵan qızıǵıwshılıǵın oyatıw. Eger oqıtıwshı sabaq dawamında innovaciyalıq usıllardan orınlı paydalana alsa, basqa tildegi auditoriya ushın mámleketlik tildi ózlestiriw qıyınshılıq emes, úlken imkaniyatqa aylanatuǵını anıq.

**Ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoyevning 2020-yil 20-oktabrdagi «Mamlakatimizda o‘zbek tilini yanada rivojlantirish va til siyosatini takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida»gi PF-6084-son farmoni // https://lex.uz/docs/5058351.
2. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз, Тошкент, 2016.
3. Allaniyazova Sh., Tayirbergenov J. Qaraqalpaq tilin oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar, Nókis, 2015, 3-b.
4. Хомский Н. Язык и мышление, Москва: Изд-во Моск. ун-та, 1972.